

**JAM'IYAH  
THORIQOH ANNAQSYABANDIYYAH  
ALMUJADDADIYYAH ALKHOLIDIYYAH PUSAT SOKARAJA**  
Alamat: Jln.Imam Bonjol 404 Telp.0281-7911114  
SOKARAJA PURWOKERTO 53181

Senin Wage 31 Oktober 2016



و بذلك وصف رسول الله ﷺ عمر بن الخطاب رضي الله عنه فقال فيه : « أقواكم في دين الله عمر ، قوله الحق ، وما له في الناس من صديق ». .

Kanthal punikolah (kiyat, mantep lan panas baran ing dalem agama) enggenipun Rosululloh SAW anyifati dateng sahabat Umar bin Khotob, maka panjenganipun ngendika (tentang sifatipun Umar bin Khotob): Luwih kuwat-kuwatira kabeh ing dalem agamane Gusti Alloh yaiku Umar, pangendikane haq, lan ora ana sanakan tumrap deweke ing dalem (mutusi) manungsa .

وقد كان رضي الله عنه من أصلب المؤمنين في دين الله ، وأشدهم أخذًا به في حق نفسه وفي حق غيره ، حتى صارت الأمثال تُضرب به في عدله ، وأمره بالمعروف ونهيه عن المنكر ، وقيامه بالحق على القريب والبعيد ، رضي الله عنه وعن أصحاب رسول الله ﷺ أجمعين .

Lan Umar bin Khotob punika kalebet tiang mukmin ingkang paling kiyat ing dalem agamanipun Gusti Alloh, tiang mukmin ingkang paling kiyat enggenipun nyepengi agama, sami ugi tumrap hakipun piyambak punapa dene hakipun tiang sanes, sahingga katah perumpamaan ingkang dipun damel sanepa tumrap panjengane, ing dalem keadilane, enggenipun amar ma'ruf nahi munkar lan enggenipun jumenengi perkawis hak dateng tiang ingkang caket (kerabat) lan tiang ingkang tebih (sanies kerabat). Mugi-mugi Alloh paring karidlon dateng panjenengane lan sedaya para sahabatipun Rosululloh SAW.

الرقة وأما الرقة على المؤمنين فأن يكون رحيمًا بهم مشفقاً  
على عليهم ، وذلك من أشرف الأخلاق وأفضل الخصال ، وبه  
وصف الله رسوله فقال : « لَقَدْ جَاءَكُمْ رَسُولٌ مِّنْ  
أَنفُسِكُمْ عَزِيزٌ عَلَيْهِ مَا عَنِتُّمْ حَرِيصٌ عَلَيْكُمْ بِالْمُؤْمِنِينَ  
رَءُوفٌ رَّجِيعٌ » [التوبه : ٩] .

Wonderten tipising ati enggenipun tresna dateng tiang-tiang mukmin inggih punika wontenipun salik (tiang ingkang ngambah dalaning akhirat) asih tur welas dateng tiang mukmin. Ingkang mekaten punika kalebet akhlak ingkang mulya lan pakerti ingkang utami. Lan kanthal mekaten enggenipun Alloh anyifati dateng rosulipun, gusti Alloh angendika: Yekti temen-temen wis teka marang sira kabeh Rosul saking jenis awakira kabeh, kang berat ingatase rosul mau apa-apa kang berat sira kabeh, kang banget lobane marang sira kabeh (supaya oleh pituduh), maring wong-wong mukmin banget welase lan banget asihe.[QS:at-Tauabah/9:128].

وقال رسول الله ﷺ : « الراحمون يرحمهم الرحمن . ومن لا يرحم لا يُرحم ». وقال رسول الله ﷺ أيضاً : « إن أبدال أمتي لا يدخلون الجنة بكترة صلاة ولا صيام ، بل بسلامة الصدور وسخاوة النفوس ، والرحمة بكل مسلم » .

Lan Gusti Rosululloh SAW ngendika: Wong kang pada welas iku bakal welas (marang deweke) gusti Alloh Dzat kang welas. Lan sapa wong kang ora welas maka ora dewelasi. Gusti Rosululloh SAW ngendika malih: Temen satuhune para wali abdale umatku iku ora melebu swargo merga akehing solat lan ora merga akehing puasa, balik (melebu swargo) kelawan sebab selamete ati, lomane jiwa lan welas maring saben-saben wong Islam.

قلت : ولا يُفهَم من هذا أن الأبدال ليسوا بمكثرين من الصلاة والصيام ، بل كانوا مكثرين منها ومن غيرهما من الأعمال الصالحة . ولكن هذه الأوصاف التي وصفهم بها نبي الله ﷺ قدْ مَنَّتْهُمْ إِلَى اللَّهِ وَقَرَّبَتْهُمْ إِلَيْهِ لِفَضْلِهَا وَشَرْفِهَا أَكْثَرَ مِنْ غَيْرِهَا مِنْ بَقِيَّةِ أَعْمَالِهِمُ الصَّالِحَةِ لِأَنَّهَا مِنْ أَعْمَالِ الْقُلُوبِ ، وأوصاف السرائر .. فافهم .

Ingsun ngendika: Lan mboten dipun faham saking hadis puniko bilih para wali abdal mboten sami ngatah-ngatahaken sholat lan siyam, balik para wali abdal punika injih ngatahaken solat, siyam lan amal soleh sanesipum. Ananging sifat-sifat ingkang dipun sifataken dening Nabiulloh SAW dateng para wali abdal punikolah ingkang (ndorong) ngajokaken lan nyaketaken para wali abdal dateng Gusti Alloh mergi utami lan mulyanipun ingkang langkung kathah tinimbang amal-amal sanesipun, keranten sifat-sifat kasebat punika kalebet pendamelanipun manah lan sifat-sifatipun sanubari. Mugi-mugi panjenengan faham.

\*\*\*

Ma'khodz : Kitab Nashoihud Diniyyah (hal.54 – 55)  
Mualif : al-Habieb 'Abdulloh bin Ba'alawie al-Haddad  
Mutarjim : Syamsul Qodri el-Falaky.